



Office of Bilingual Education and World Languages

55 Hanson Place, Room 594
Brooklyn, New York 11217
Tel: (718) 722-2445 / Fax: (718) 722-2459

89 Washington Avenue, Room 528EB
Albany, New York 12234
(518) 474-8775/ Fax: (518) 474-7948

DEKLARASYON DWA PARAN ELÈV NAN ETA NOUYÒK KI PO KO KA FONKSYONE NAN LANG ANGLE TOU SÈL

Pati 154 Règleman Komisè Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la bay nou tout (paran/gadyen legal elèv ki po ko ka fonksyone nan lang angle tou sèl):

1. Dwa pou pitit nou resevwa edikasyon piblik gratis nan distri eskolè kote nou rete a, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon nou osnon pitit nou (kit nou te sitwayen, kit nou te gen rezidans osnon pa t gen papye), kèlkeswa lang noumenm oswa pitit nou pale.
2. Dwa pou nou enskri pitit nou nan lekòl san yo pa mande nou pou nou bay enfòmasyon oswa dokimantasyon ki ka revele sittiyasyon imigrasyon nou osnon pitit ou. Yo pa gen dwa mande nou pou nou bay kat oswa nimewo sekirite sosyal, viza oswa sitiyasyon viza, dokiman oswa sitiyasyon sitwayènte.
3. Dwa selon halwa federal pou nou gen yon entèprèt/tradiktè ki kalifye nan lang nou pi alèz la lè n ap fè komunikasyon enpòtan avèk distri eskolè a.
4. Dwa pou pitit nou nan yon pwogram Edikasyon Bileng (BE, ann angle) depi gen 20 elèv pou pi piti ki nan menm klas avèk li e ki pale menm lang avèk li.¹
5. Dwa pou nou resevwa, ann angle ak nan lang pa nou, anons ak kminikasyon ki fè nou konnen yo idantifye pitit nou kòm elèv ki po ko ka fonksyone nan angle tou sèl, e y ap mete l nan yon pwogram bileng oswa yon program angle kòm novo lang (yo te konn rele angle kòm dezyèm lang).²

¹ Nan Vil Nouyòk, daprè Akò Dekrè Aspira (*Aspira Consent Decree*), li obligatwa pou gen yon pwogram Edikasyon Bileng (BE) soti jadandanfan rive nan 8èm ane, depi gen omwens 15 elèv menm nivo ki pale menm lang nan de klas kole kole. Si pa ta gen ase elèv nan yon lekòl, men ta gen ase nan distri eskolè a, distri a dwe kreye yon pwogram bileng.

² Tout elèv ki po ko maton nan angle devlope ladrès nan lang angle nan kou "Angle kòm Nouvo Lang". E elèv ki nan yon pwogram Edikasyon Bileng yo yo menm, yo fè kou Lang ak Literati pou yo nan lang natif-natal yo. Nan pwogram bileng lan, yo anseye yo matyè debaz yo (tankou Matematik, Syans, Syans Sosyal) nan *toulède* lang yo, angle ak lang natif-natal la. Elèv ki pa nan pwogram bileng pran kou matyè debaz yo ann *angle*.



Angelica Infante-Green, Associate Commissioner
Office of Bilingual Education and World Languages

55 Hanson Place, Room 594
Brooklyn, New York 11217
Tel: (718) 722-2445 / Fax: (718) 722-2459

89 Washington Avenue, Room 528EB
Albany, New York 12234
(518) 474-8775/ Fax: (518) 474-7948

6. Dwa pou nou resevwa bon jan sesyon oryantasyon distri eskòlè a òganize pou yo pale de nòm estanda eta Nouyòk, egzamen, atant lekòl la pou elèv ki po ko maton nan angle yo ansanm avèk objektif ak egzijans pwogram lan pou Edikasyon Bileng ak Angle kòm Nouvo Lang. Oryantasyon sa a dwe fèt anvan yo plase elèv toutbon nan yon pwogram, e li dwe fèt nan lang nou konprann pi byen an.
7. Dwa pou nou resevwa enfòmasyon konsènan jan ptit nou ap devlope nan aprann angle ak jan y ap devlope tou nan lang natif-natal yo si yo nan pwogram bileng.
8. Dwa pou nou rankontre ak pèsonèl lekòl la omwens on fwa pa ane, san konte lòt reyinyon yo oblige fè avèk nou paran yo pou pale nou de pwogrè jeneral ak devlopman langaj ptit nou.
9. Dwa pou yo mete ptit nou nan on pwogram bileng oswa nan on pwogram angle kòm nouvo lang nan on peryòd 10 jou pou pi plis lè yo fin enskri l, e dwa tou nou genyen pou nou chwazi sòti nan pwogram bileng. Ptit nou dwe resevwa omwens ansèyman angle kòm nouvo lang.
10. Dwa pou ptit nou transfere nan lòt lekòl nan distri a ki ofri edikasyon bileng nan lang natif-natal li si lekòl kote yo te mete l la pa gen pwogram lan.
11. Dwa pou ptit nou, menm jan ak tout lòt elèv, patisipe nan tout pwogram, resevwa tout sèvis distri eskolè a ofri ki apwopriye pou laj ak nivo klas li, tankou pwogram pou ede li fini klas li ak tout lòt pwogram ki disponib pou tout elèv.
12. Dwa pou ptit nou resevwa ansèyman tout matyè debaz, aprann angle ak lòt sijè tankou Lekti/Lang ak Literati, Matematik, Syans ak Syans Sosyal, nan menm nivo akademik ak tout lòt elèv yo. Paske yon elèv ap resevwa sèvis kòm elèv ki po ko ka fonksyone nan angle tou sèl, sa pa dwe limite abilite l pou li resevwa ansèyman matyè debaz.
13. Dwa pou ptit nou gen aksè total nan tout aktivite ki pa nan kourikoulòm lan (pwogram apre lekòl, espò, elatriye). Paske yon elèv ap resevwa sèvis kòm elèv ki po ko ka fonksyone nan angle tou sèl, sa pa dwe limite abilite l pou li patisipe nan aktivite apre lekòl.
14. Dwa pou ptit nou gen sèvis sipò (tankou Sèvis Entèvansyon Akademik) ansann ak lòt sipò nenpòt plan entèvansyon distri eskolè mete pou tout elèv.
15. Dwa pou nou mande pou ptit nou pran yon egzamen chak ane pou detèmine pwogrè li fè nan lang angle e pou nou konnen pèfòmans akademik li nan tout egzamen pami yo egzamen Leta Nouyòk la.



THE STATE EDUCATION DEPARTMENT / THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY 12234

Angelica Infante-Green, Associate Commissioner
Office of Bilingual Education and World Languages

55 Hanson Place, Room 594
Brooklyn, New York 11217
Tel: (718) 722-2445 / Fax: (718) 722-2459

89 Washington Avenue, Room 528EB
Albany, New York 12234
(518) 474-8775/ Fax: (518) 474-7948

16. Dwa pou pitit nou kontinye enskri chak ane nan pwogram bileng oswa pwogram angle kòm nouvo Lang depi yo kontinye idantifye yo kòm elèv ki po ko ka fonksyone nan angle tou sèl.

17. Dwa pou nou kontakte Biwo Edikasyon Bileng ak Lang an Jeneral nan Depatman Edikasyon Leta Nouyòk, si yo vyole nenpòt nan dwa ki dekri pi wo yo. Tanpri rele nan 718-722-2445, oswa voye yon imèl nan OBEFLS@nysed.gov. Ale sou sit Entènèt www.p12.nysed.gov/biling, oswa ekri nou nan adrès sa a:

New York State Education Department
Office of Bilingual Education & World Languages
55 Hanson Place, Room 594
Brooklyn, NY 11217